

BAB V

KACINDEKAN JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil panalungtikan jeung analisis data dina bab opat ngeunaan kaéféktifan modél pangajaran *Think-Talk-Write* dina ngaronjatkeun kamampuh nulis laporan siswa kelas VIII A SMP Pasundan 3 Bandung taun ajaran 2012/2013, bisa dicindekkeun yén kamampuh nulis laporan siswa kelas VIII A SMP Pasundan 3 Bandung taun ajaran 2012/2013 saméméh ngagunakeun modél pangajaran *Think-Talk-Write*, hasilna can nyugemakeun atawa kurang tina KKM anu geus ditangtukeun. Hal ieu katitén tina rata-rata skor tiap aspékna. Rata-rata skor tina aspék eusi nya éta 3, 27; skor rata-rata tina aspék organisasi eusi nya éta 3,03; skor rata-rata tina aspék karapihan tulisan nya éta 2, 83; jeung rata-rata skor tina aspék éjahan nya éta 2,3. Jadi, rata-rata ahir tina sakabeh aspék nya éta 11, 37 kalawan rata-rata penteun 55,83.

Kamampuh nulis laporan siswa kelas VIII A SMP Pasundan 3 Bandung taun ajaran 2012/2013 sabada ngagunakeun modél pangajaran *Think-Talk-Write*, hasilna nyugemakeun atawa geus bisa ngahontal KKM anu geus ditangtukeun. Hal ieu katitén tina rata-rata skor tiap aspékna. Rata-rata skor tina aspék eusi nya éta 4,13; skor rata-rata tina aspék organisasi eusi nya éta 3,77; skor rata-rata tina aspék karapihan tulisan nya éta 3,73; jeung rata-rata skor tina aspék éjahan nya éta 3,5. Jadi, rata-rata ahir tina sakabeh aspék nya éta 15,2 kalawan rata-rata penteun 76.

Tina hasil pretés, postés, jeung uji gain tétéla modél pangajaran *Think-Talk-Write* éféktif pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis laporan siswa kelas VIII A SMP Pasundan 3 Bandung taun ajaran 2012/2013. Ieu hal dibuktikeun ogé tina uji hipotésis anu ngahasilkeun $t_{itung} > t_{tabel}$, nya éta $19,46 > 2,46$ bisa dicindekkeun yén hipotésis kerja (H_a) ditarima jeung hipotésis nol (H_0) ditolak. Hartina, aya béda anu signifikan antara hasil pretés jeung postés saméméh jeung sabada ngagunakeun modél pangajaran *Think-Talk-Write*.

5.2 Rékoméndasi

Sabada dilaksanakeun panalungtikan ngeunaan nulis laporan ngagunakeun modél pangajaran *Think-Talk-Write*, aya sababaraha rékoméndasi anu baris ditepikeun, diantarana nya éta:

- 1) Tina hasil panalungtikan modél pangajaran *Think-Talk-Write* éféktif pikeun ningkatkeun kamampuh nulis laporan, ku kituna ieu modél pangajaran bisa dijadikeun salah sahiji alternatif pikeun guru dina pangajaran nulis laporan.
- 2) Dina ngalaksanakeun panalungtikan dipiharep panalungtik nataharkeun sagala rupana saluyu jeung prosedur anu geus ditangtukeun.
- 3) Pikeun leuwih ngabuktikeun kaéféktifan modél pangajaran *Think-Talk-Write* dipiharep aya panalungtikan dina materi pangajaran lianna.